

Revni Sekirite Siplemantè (SSI) Nan Kalifòni

2006



Kisa SSI ye?

SSI oswa Revni Sekirite Siplemantè se yon pwogram federal ki ofri peman lajan kach pa mwa pou moun ki nan nesesite. SSI se pou moun ki gen 65 lane oswa plis, pou moun nenpòt laj ak timoun ki avèg oubyen malad/enfim.

Pou ou kalifye ou dwe genyen yon revni ki piti oswa ou pa genyen ditou, oswa yon ti kantite resous. Sa vle di valè resous ou posede yo dwe pi piti pase \$2,000 si ou se yon selibatè oubyen mwens pase \$3,000 si ou marye. Valè kay ou pa konte. Anjeneral, valè oto ou pa konte. Epi valè sèten lòt resous, tankou yon kav nan simityè ka pa konte tou.

Pou jwenn SSI, ou dwe aplike tou pou nenpòt lòt benefis lajan kach ou ka anmezi pou jwenn.

Ou dwe ap viv Ozetazini oswa nan Northern Mariana Islands (Zile Maryana) pou jwenn SSI. Si ou pa yon sitwayen ameriken, men ou ap viv Ozetazini, ou toujou ka anmezi pou jwenn SSI. Pou plis enfòmasyon, mande yon kopi publikasyon *Revni Sekirite Siplemantè (SSI) Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken* (Piblikasyon Nimewo 05-11051-HC).

Eta Kalifòni ajoute lajan sou peman federal la. Sèl peman ou resevwa nan kòmansman chak mwa gen ladan li peman federal SSI la ak peman siplemantè Kalifòni an.

Asistans Medikal

Si ou ap resevwa SSI, anjeneral ou ka resevwa asistans medikal (Medi-Cal) otomatikman. Li pa nesesè pou ranpli yon fòm aplikasyon apa pou Medi-Cal. Si ou gen kesyon konsènan Medi-Cal, kontakte biwo asistans publik nan depatman local ou.

Koupon pou Manje

Moun k ap resevwa SSI nan eta Kalifòni **pa ka jwenn koupon pou manje** paske leta ajoute lajan sou peman SSI federal la pou sa.

Men tou, ou ka anmezi pou jwenn koupon pou manje:

- Pandan ou ap tann yon desizyon sou aplikasyon SSI ou;
- Si aplikasyon SSI ou rejte; oswa
- Si ou ale viv nan yon lòt eta.

Pou plis enfòmasyon, kontakte biwo asistans publik nan depatman lokal ou.

Lòt sèvis sosyal

Men kèk lòt sèvis ou ka anmezi pou jwenn nan biwo asistans publik nan depatman lokal ou:

- Yon lajan pou depanse espesyal pou chyen gid pou moun ki avèg oswa malad/enfim;
- Sèvis sipò nan kay; epi
- Sèvis pwoteksyon.

Pou plis enfòmasyon, kontakte biwo asistans publik nan depatman lokal ou.

Kantite lajan pou peman SSI pa mwa

Kantite lajan an enkli peman federal ak peman leta ansanm. Se pa tout moun k ap resevwa SSI ki jwenn kantite lajan maksimòm nan. Peman ou ka piti si ou gen lòt revni. Nan tablo ki pi ba a, premye chif nan chak seksyon se kantite lajan pou peryòd Janvye jiska Mas, epi dezyèm chif la nan chak seksyon se kantite lajan pou peryòd Avril jiska Desanm. Preske tout chif yo ogmante pandan mwa Avril.

Kategori	Peman total pa mwa an 2006 (Janvye-Mas / Avril Desanm)		
<i>Selibatè</i>	<i>Granmoun Aje</i>	<i>Malad/Enfm</i>	<i>Avèg</i>
Kondisyon de viv Endependan	\$812.00 / \$836.00	\$812.00 / \$836.00	\$877.00 / \$901.00
Pansyon ak swen ki pa medikal	\$1,015.00 / \$1,015.00	\$1,015.00 / \$1,015.00	\$1,015.00 / \$1,015.00
Kondisyon de viv endependan, san kwizin	\$896.00 / \$920.00	\$896.00 / \$920.00	
Viv nan kay yon lòt moun	\$620.00 / \$636.00	\$620.00 / \$636.00	\$701.00 / \$717.00
Timoun minè malad/enfim		\$698.00 / \$722.00	
Timoun minè malad/enfim ki nan kay yon lòt moun		\$494.00 / \$510.00	
<i>Granmoun aje marye oswa malad/enfim</i>			
Kondisyon de viv Endependan	\$1,437.00 / \$1,472.00		
Pansyon ak swen ki pa medikal	\$2,030.00 / \$2,030.00		
Kondisyon de viv endependan, san kwizin	\$1,605.00 / \$1,640.00		
Viv nan kay yon lòt moun	\$1,175.00 / \$1,198.33		
<i>Moun marye ki avèg</i>			
Kondisyon de viv Endependan			\$1,664.00 / \$1,699.00
Viv nan kay yon lòt moun			\$1,402.00 / \$1,425.33
<i>Mounn avèg ki gen yon moun aje osma yon moun malad/enfim ki marye avèk li</i>			
Kondisyon de viv Endependan			\$1,579.00 / \$1,614.00
Viv nan kay yon lòt moun			\$1,316.00 / \$1,1339.33

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi publikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl preznan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.